*Dáslepki maǵlıwmatlar*

# 2021- jıldıń yanvar ayında Qaraqalpaqstan Respublikasında xızmetler tarawınıń rawajlanıwı

Xızmetler tarawınıń rawajlanıw dárejesi jámiyet párawanlıǵın sáwlelendiriwshi kórsetkishlerden biri esaplanadı. Resurslar sarpın únemlewshi nátiyjeli innovaciyalıq ekonomikanı quriw processinde xızmetler tarawı bólek orın tutadı, sebebi ol, tovar islep shıǵarıw menen salıstırılǵanda, materiallar sarpınıń kemligine, qárejetlerdiń tez qaplanıwına hám joqarı paydalılıqqa iye.

Usı tarawdıń xalıq aralıq korporaciyalar, bankler, aviakompaniyalar, kompyuter orayları, telekommunikaciyalar, qamsızlandırıw, yuridikalıq hám konsalting firmaları, mámleket hám mámleketlik emes shólkemler, sonıń menen birge, kommerciyalıq bolmaǵan shólkemlerdi óz ishine aladı.

## 2021- jıldıń yanvar ayında xızmetler tarawınıń tiykarǵı kórsetkishleri



*Dáslepki maǵlıwmatlar*

Xızmetler tarawı bul — kárxanalar, shólkemler, sonıń menen birge, fizikalıq shaxslar tárepinen kórsetiletuǵın hár qıylı xızmetler, islep shıǵarıwdı óz ishine alǵan ulıwmalastırılǵan taypa bolıp tabıladı. Bul tarawdı kóbinese rawajlanǵan zamanagóy infratuzilme sebepli sanaattan keyingi ekonomikalıq struktura formasında kóriledi.

## Islep shıǵarılǵan xızmetlerdiń tiykarǵı kórsetkishleri

Dáslepki maǵlıwmatlarǵa kóre, 2021- jıldıń yanvar ayında kórsetilgen bazar xızmetleri kólemi 558,6 mlrd. sumǵa jetti. Onıń nominal kólemi 63,5 mlrd.sumǵa astı. Salıstırma ekvivalentte ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda ósim pátı 104,4 % ti quradı.



| Ósim pátı | Kóleminiń ósiwi | Xızmetler kólemi |
|---|---|---|
| • 104,4 % | • 63,5 mlrd. sum | • 558,6 mlrd. sum |

**Xızmetler** - qarıydarlar (yuridikalıq hám fizikalıq shaxslar) jaǵdayın ózgerttiretuǵın yamasa tovarlar, xızmetler hám finanslıq aktivler menen ayırbaslawına kómeklesetuǵın islep shıǵarıw iskerliginiń nátiyjesi esaplanadı.

*Dáslepki maǵlıwmatlar*

Xızmetler tarawı islep shıǵarıw ónimliligin hám natiyjeliligin asırıwǵa járdem beretuǵın hár qıylı iskerlik túrlerin óz ishine aladı.

## Ekonomikalıq háreket túrleri boyınsha islep shıǵarılǵan xızmetlerdiń tiykarǵı kórsetkishleri

*(2021- jıldıń yanvar ayında)*

| | Kólemi, mlrd. sum | Ótken jılǵa salıstırǵanda ósim páti, % te |
|---|---|---|
| **Xızmetler – jámi** | **558,6** | **104,4** |
| Sonnan: | | |
| baylanıs hám málimleme xızmetleri | 35,0 | 111,4 |
| finanslıq xızmetleri | 117,9 | 115,3 |
| transport xızmetleri | 129,2 | 91,2 |
| sonnan: avtotransport xızmetleri | 79,6 | 101,5 |
| jasaw hám awqatlanıw xızmetleri | 16,8 | 105,0 |
| sawda xızmetleri | 130,5 | 101,5 |
| kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler | 16,7 | 101,0 |
| bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler | 20,8 | 107,7 |
| densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı xızmetler | 7,7 | 101,1 |
| ijara xızmetleri | 22,3 | 197,4 |
| kompyuterlerdi ońlaw boyınsha xızmetler | 17,4 | 106,4 |
| jeke xızmetler | 21,4 | 101,0 |
| arxitektura tarawındaǵı xızmetler | 8,7 | 91,6 |
| basqa xızmetler | 14,2 | 99,4 |

*Dáslepki maǵlıwmatlar*

## Ekonomikalıq háreket túrleri boyınsha kórsetilgen bazar xızmetleriniń quramı, % te
(2021- jıldıń yanvar ayında)




Ekonomikalıq háreket túrleri boyınsha kórsetilgen bazar xızmetleri quramında eń úlken úlesti sawda xızmetleri iyeleydi. Sonday etip, 2021- jıldıń yanvar ayında olardıń úlesi 23,4 % ti quradı. Usınıń menen birge, joqarı kórsetkishler transport xızmetleri (23,1 %), finanslıq xızmetler (21,1 %), baylanıs hám málimleme xızmetleri boyınsha (6,3 %) úlesine tuwrı keldi.

Den sawlıqtı saqlaw tarawındaǵı xızmetler kórsetiw kólemleriniń onsha úlken bolmaǵan ósiwi gúzetildi, olardıń úlesi tek 1,4 % ti quradı. Sonıń menen birge, joqarı bolmaǵan úles arxitektura tarawındaǵı xızmetler -1,6 %, basqa xızmetler - 2,5 % ke tuwrı keldi.

*Dáslepki maǵlıwmatlar*

## Ekonomikalıq háreket túrleri boyınsha bazar xızmetleriniń ósim pátleriniń salıstırılıwı, % te




Joqarı ósim pátleri ijara xızmetleri xızmetler (97,4 %), finanslıq xızmetler (15,3 %), baylanıs hám málimleme xızmetleri (11,4 %), bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler (7,7 %), ti quradi.

Transport xızmetleri kóleminde sezilerli dárejede (8,8 % ke) tómenlewi gúzetildi. Usınıń menen birge, arxitektura tarawındaǵı xızmetler (8,4 % ke), basqa xızmetler (0,6 % ke) tómenlewi gúzetildi.

*Dáslepki maǵlıwmatlar*

Hár bir mámlekettiń ekonomikalıq turmısında zárúrli orın tutatuǵın sawda tarawı islep shıǵarıw hám tutınıw ortasındaǵı baylanıstı támiyinleydi, sonıń menen birge, tovarlardı islep shıǵarıw kólemi hám quramına, olardıń túrlerin jaqsılanıwına hám sapasınıń asıwına sezilerli tásir kórsetedi.

2021- jıldıń yanvar ayında, kórsetilgen bazar xızmetleri ulıwma kóleminde sawda xızmetleriniń úlesi 23,4 % ti payda etip, bul 130,5 mlrd. sumǵa teń boldı.

Sawda - bul tovarlardıń aylanıwın, olardıń islep shıǵarıw tarawınan tutınıw tarawına ótiwin támiyinleytuǵın ekonomika tarawı bolıp tabıladı. Belgili bir mámleket ishinde sawda tovarların zárúr qarıydarǵa jetkiziw wazıypasın atqaradı. Ol kótere hám usaqlap satıw sawdaǵa bólinedi.

**Sawda xızmetleri quramı, % te**
*(2021- jıldıń yanvar ayında)*



Ámeldegi dáwirde usaqlap satıw sawda xızmetleri úlesi 80,0 % ke tuwrı keledi.

Kótere sawda xızmetleriniń úlesi (avtomobiller hám motocikller sawdasınan tısqarı) 13,3 % ke jetti. Avtomobiller hám motocikllerdiń kótere hám usaqlap satıw sawdası boyınsha xızmetler, atap aytqanda, avtomobiller hám motocikllerdi ońlaw boyınsha xızmetlerdi qosqan halda, sawda xızmetleriniń ulıwma kólemindegi úlesi 6,7 % ti quradı.

## Finanslıq xızmetler

*(2021- jıldıń yanvar ayında)*

Finanslıq xızmetler kólemi 117,9 mlrd. sumdı - quradı. **Salıstırıw ushın :** 2020- jıldıń yanvar ayında finanslıq xızmetler kólemi 99,4 mlrd. sumǵa teń boldı.





Olardıń ulıwma xızmetler kólemindegi úlesi 21,1 % ti quradı.

**Salıstırıw ushın :** 2020- jıldıń yanvar ayında olardıń úlesi 20,1 % ti quradı.

Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda kólemi 18,5 mlrd. sumǵa kóbeyiwi gúzetildi.





Finanslıq xızmetlerdiń ósiwi 15,3 % ti quradı.

**Salıstırıw ushın :** 2020- jıldıń yanvar ayında olardıń ósim páti 131,4 % ke jetken.

**Finanslıq xızmetler kólemi** - finanslıq dáldálshılıq esabınan alınǵan procentli dáramatlar kólemi (xızmetler ushın belgilengen tólewler muǵdarında), sonıń menen birge, finans shólkemi tárepinen ssuda beriw yamasa depozitti saqlaw boyınsha xızmetleri ushın tólenetuǵın aqsha esabına kóre alınadı.

*Dáslepki maǵlıwmatlar*

**Finanslıq xızmetler quramı, % te**
*(2021- jıldıń yanvar ayında)*




Finanslıq xızmetler ulıwma kóleminde qamsızlandırıw hám pensiya támiynatı boyınsha xızmetlerden tısqarı finanslıq xizmetlerdiń úlesi 93,9 % ti quraydı.

Ámeldegi dáwirde qamsızlandırıw xızmetleriniń úlesi 3,8 % aralıǵinda gúzetildi.

Finanslıq hám qamsızlandırıw xızmetlerine salıstırǵanda járdemshi xızmetlerdiń ulıwma finanslıq xızmetler kólemindegi úlesi joqarı kórsetkishke iye emes hám ol 2,3 % ti quraydı.

Rawajlanǵan mámleketler tájiriybesi sonı kórsetedi, AKTnıń rawajlanıwı mámlekettiń básekige shıdamlılıq dárejesine tikkeley tásir etedi, sizge úlken kólemdegi maǵlıwmatlardı toplaw hám ulıwmalastırıwǵa múmkinshilik beredi, strategiyalıq dárejede basqarıw ushın úlken múmkinshilikler payda boladı.

AKTdan aktiv paydalanıw keń qamtılǵan infratúzilmege tiykarlanǵan bolıp, ol eń zamanagóy úskeneler hám texnologiyalar menen úskenelestirilgen, joqarı kadrlar potencialına iye.

*Dáslepki maǵlıwmatlar*

## Baylanıs hám málimleme xızmetleri
## (2021- jıldıń yanvar ayında)




2021- jıldıń yanvar ayında baylanıs málimleme xızmetleriniń kólemi 35,0 mlrd. sum dárejesinde belgilendi.

Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda bul túrdegi xızmetlerdiń ósim páti 111,4 % ke jetti.

Kórsetilgen bazar xızmetleriniń ulıwma kólemdegi úlesi 6,3 % ti quradı.

## Baylanıs hám málimleme xızmetleri quramı, % te
*(2021- jıldıń yanvar ayında)*



Baylanıs hám málimleme xızmetleri kóleminde eń úlken úlesti telekommunikaciya xızmetleri (sımlı hám mobil baylanıs xızmetleri, Internet tarmaǵı, joldaslı baylanıs xızmetleri hám basqalar) iyelep, 95,2 % ti quradı.

Xızmetlerdiń ulıwma kólemindegi úlesinde kompyuter dástúrlew, másláhát beriw xızmetleri hám basqa járdemshi xızmetler - 0,7 %, basqa baylanıs xızmetleri - 0,5 %, baspa sóz xızmetleri - 2,8 %, sonıń menen birge, málimleme tarawındaǵı xızmetler - 0,8 % ti quradı.

Soni aytıw kerek, puqaralardı joqarı sapalı hám qımbat emes baxalardaǵı tálim menen támiyinlew, jámiyet rawajlanıwın, onıń keleshegin anıq belgilep beretuǵın wazıypa bolıp tabıladı.

**Bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler**
*(2021- jıldıń yanvar ayında)*

2021- jıldıń yanvar ayında bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler kólemi 20,8 mlrd. sumǵa jetip, bazar xızmetleri ulıwma kólemindegi úlesi 3,7 % ti quradı. Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda ósim páti 107,7 % ti quradı.



*Dáslepki maǵlıwmatlar*

**Jasaw boyınsha xızmetler** kólemi, qısqa múddetli turar jay menen támiyinlew boyınsha kórsetilgen xızmetler (mıymanxanalar, oteller, moteller hám basqa turar jaylar ) mánisin óz ishine aladı.

## Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler

*(2021- jıldıń yanvar ayında )*

Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerdiń ósim páti 105,0 % ti quradı, olardıń kólemi bolsa 16,8 mlrd. sumǵa teń bolǵan.

Bul dáwirde olardıń bazar xızmetleri ulıwma kólemindegi úlesi 3,0 % ti quradı.




**Azıq-awqat hám ishimlikler menen támiyinlew boyınsha xızmetler** - azıq-túlik ónimleri hám ishimlikler jetkiziw boyınsha qoyılǵan ústemeden tısqarı, awqat tayarlawda isletilgen hám qayta islenbegen halda satılǵan ónimler mánisin óz ishine alıwshı aylanba mánisi bolıp tabıladı.

*Dáslepki maǵlıwmatlar*

## Jasaw hám awqatlaniw boyınsha xızmetlerdiń quramı
*(2021- jıldıń yanvar ayında )*




Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerdiń ulıwma kóleminde azıq-awqat hám ishimlikler menen támiyinlew boyınsha xızmetlerdiń úlesi 94,3 % menen ústinlik etedi.

2021- jıldıń yanvar ayında jasaw boyınsha xızmetler úlesi 5,7 % ti quradı.

**Densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı xızmetler kólemi bul** - densawlıqtı saqlaw mekemeleriniń medicinalıq hám sanitariya xızmetleri, soniń menen birge, shólkemler hám medicina kárxanaları, poliklinikalar, klinikalar tárepinen kórsetilgen bazar xızmetleriniń mánisi bolıp tabıladı.

## Densawlıqtı saqlaw tarawındaĝı xızmetler
*(2021- jıldıń yanvar ayında )*

2021- jıldıń yanvar ayında densawlıqtı saqlaw tarawındaǵı xızmetlerdiń kólemi 7,7 mlrd. Sumdı quradı. Xızmetlerdiń ulıwma kóleminde olardıń úlesi 1,4 % ti quradı. Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda ósim páti 101,1 % ti quradı.



*Dáslepki maǵlıwmatlar*

Ekonomikalıq háreket túrleri boyınsha kórsetilgen xızmetler, qarıydarlardıń dáramat dárejesi, diydi hám qálew-tileklerine qaray differenciyalanadı.

## Qala hám rayonlar kesiminde xızmetler islep shıǵarıw
*(2021- jıldıń yanvar ayında )*

| | Kólemi, mlrd. sum | Ótken jılǵa salıstırǵanda ósim páti, % te | Xalıqtıń jan basına kórsetilgen bazar xızmetleri kólemi, mıń sum |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **558,6** | **104,4** | **292,3** |
| Nókis q. | 239,4 | 110,3 | 744,1 |
| rayonlar: | | | |
| Ámiwdárya | 32,1 | 107,3 | 160,2 |
| Beruniy | 36,6 | 106,8 | 189,6 |
| Bozataw | 2,6 | 116,4 | 121,0 |
| Qaraózek | 9,5 | 103,9 | 180,0 |
| Kegeyli | 9,3 | 105,5 | 127,2 |
| Qońırat | 62,0 | 82,3 | 474,1 |
| Qanlıkól | 8,2 | 102,8 | 160,3 |
| Moynaq | 6,6 | 105,2 | 204,6 |
| Nókis r. | 8,1 | 106,8 | 160,5 |
| Taqiyatas | 11,9 | 100,1 | 160,4 |
| Taxtakópir | 7,0 | 105,0 | 172,6 |
| Tórtkúl | 45,5 | 107,7 | 210,8 |
| Xojeli | 27,0 | 105,0 | 218,9 |
| Shımbay | 17,0 | 104,5 | 150,2 |
| Shomanay | 7,9 | 105,9 | 139,5 |
| Ellikqala | 27,9 | 107,2 | 173,6 |

Usınıń menen birge, salıstırǵanda joqarı kórsetkishler Nókis qalası (239,4 mlrd. sum), Qońırat rayonı (62,0 mlrd. sum) hám Tórtkúl rayonlarında (45,5 mlrd. sum) gúzetildi.

Sonı aytıw kerek, zamanagóy Ózbekstannıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıw keleshekleri, milliy hám jergilikli máplerdi esapqa alǵan halda, respublikanıń hár bir ekonomikalıq rayonı hám wálayatlarınıń barlıq resurslardan aqılǵa say paydalanıwına baylanıslı.

Xızmetler tarawınıń rawajlanıw dárejesi xalıqtıń aymaqlıq jáne social jıldamlıǵın, jańa xojalıq aymaqların ózlestiriw, islep shıǵarıw natiyjeliligin hám materiallıq ónimler tutınıwın asırıwdı támiyinleydi.

Xalıqtıń jan basına kórsetilgen bazar xızmetleri kóleminiń hár ayda ósiwi gúzetilip atır.

## Xalıqtıń jan basına kórsetilgen bazar xizmetlerinin tiykarǵı ko‘rsetkishleri

2021- jıldıń yanvar ayında xalıqtıń jan basına kórsetilgen bazar xızmetleriniń kólemi 292,3 mıń sumǵa jetti.

Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda ósim páti 102,9 % ti quradı.



Respublikada xızmetler tarawınıń rawajlanıwı xalıqtıń ósip baratırǵan tólew qábileti hám jeńilliklerine, atap aytqanda, informacion-kommunikaciya texnologiyalarınan paydalanǵan halda, ásirese zamanagóy xızmet túrlerine bolǵan qarıydarlar talabın qandira alatuǵın kishi biznestiń rawajlanıwına baylanıslı.

Basqasha etip aytqanda, bir tárepden xızmetlerdi islep shıǵarıw kólemine úy xojalıqları dáramatları hám jeńillikler, xızmetlerge tarifler, basqa tárepden investiciyalar, salıq, pul-kredit hám mámleket siyasatı, ilimiy-texnikalıq siyasat, sonıń menen birge, kishi biznestiń rawajlanıwı sıyaqlı faktorlar tásir etedi.

**Xızmetler tarawı statistikası bólimi**
**Tel.: 61-224-92-15**